



Pou Piblikasyon Imedya: 26/03/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

NAN MITAN PANDEMI COVID-19 AKTYÈL LA, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ETA A AP EKSPLORE NOUVO SIT YO POU LOPITAL TANPORÈ YO NAN REYON SID ETA A

Objektif pou genyen plis pase 1,000 pasyan ki ale nan etablisman yo nan chak awondisman ak konte Reyon Sid yo

12,000 pwofesyonèl sante anplis te enskri pou fè volontè nan kad gwo vag ekip swen sante Eta a depi yè - sa ki mete kantite total volontè yo nan plis pase 52,000

Plis pase 8,600 pwofesyonèl sante mantal te enskri pou bay sèvis sante mantal gratis anliy.

Konfime 6,448 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki mete total nan tout Eta a nan 37,258; nouvo ka nan 39 Konte

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a Eta ap eksplore nouvo sit anplis pou lopital tanporè yo, avèk objektif pou genyen plis pase 1,000 pasyan ale nan etablisman yo nan awondisman NYC ansanm ak konte Westchester, Rockland, Nassau ak Suffolk. Nouvo ajou sa yo, ansanm ak lopital tanporè yo ke yo ap konstwi nan Sant Konvansyon Jacob K. Javits (Jacob K. Javits Convention Center) la ak pozisyon yo nan SUNY Stony Brook, SUNY Old Westbury ak Sant Konvansyon Westchester (Westchester Convention Center) a, gen pou objektif bati plizyè milye nouvo kabann pou ranfòse kapasite lopital aktèl yo, avèk objektif pou yo ouvri pou pasyan nan kòmansman pou rive nan mitan mwa avril. Eta a ap prepare tou dõtwa inivèsite ak otèl yo pou kabann ijans.

Gouvènè te anonse ke gen 12,000 pwofesyonèl swen sante anplis, gen ladan moun ki retirete ak etidyan, ki te enskri pou fè volontè pou travay nan kad gwo vag ekip swen sante a pandan pandemi COVID-19 aktyèl la, sa ki mete kantite total volontè yo nan plis pase 52,000. Anplis de sa, plis pase 8,600 pwofesyonèl sante mantal, gen ladan moun ki soti nan lòt Eta yo, te enskri kounye a pou bay sèvis sante mantal gratis anliy. Nouyòkè yo ka rele liy asistans gratis Eta a nan 1-844-863-9314 pou pran yon randevou gratis.

"Nou konnen jiskaprezan ke kèlkeswa senaryo a pral depase kapasite sistèm swen sante nou an epi nou ap kontinye travay agresivman pou ogmante kapasite lopital Eta nou an ak bese koub la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "PRIORITY prensipal nou se jwenn plis kabann pou pasyan yo ak jwenn vantilatè nou bezwen yo pou asire ke yo ap trete kòrèkteman pasyan ki pi frajil nou yo, epi nou ap eksplore aktivman nouvo

pozisyon pou sit lopital tanporè yo. Sityasyon sa a pa fasil, men tan fasil pa fòje karaktè -- tan difisil yo fè sa - epi nou pral simonte sa ansanm epi nou pral vin yon pèp ki pibon ak pi solid akòz sa."

Finalman, Gouvènè a te konfime 6,448 ka nouvo kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 37,258 ka konfime nan Eta New York. Nan total 37,258 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

| Konte | Total Pozitif | Nouvo Pozitif |
|--------------|----------------------|----------------------|
| Albany | 171 | 19 |
| Allegany | 2 | 0 |
| Broome | 16 | 5 |
| Cayuga | 2 | 0 |
| Chautauqua | 1 | 0 |
| Chemung | 7 | 6 |
| Chenango | 3 | 0 |
| Clinton | 11 | 1 |
| Columbia | 13 | 1 |
| Cortland | 2 | 0 |
| Delaware | 7 | 2 |
| Dutchess | 190 | 37 |
| Erie | 134 | 12 |
| Essex | 4 | 0 |
| Franklin | 1 | 0 |
| Fulton | 1 | 0 |
| Genesee | 4 | 2 |
| Greene | 5 | 1 |
| Hamilton | 2 | 0 |
| Herkimer | 7 | 2 |
| Jefferson | 3 | 1 |
| Livingston | 3 | 0 |
| Madison | 9 | 2 |
| Monroe | 139 | 21 |
| Montgomery | 5 | 1 |
| Nassau | 3914 | 629 |
| Niagara | 14 | 2 |
| NYC | 21393 | 3537 |
| Oneida | 13 | 4 |
| Onondaga | 83 | 18 |
| Ontario | 11 | 2 |

| | | |
|--------------|------|------|
| Orange | 751 | 113 |
| Orleans | 2 | 0 |
| Oswego | 4 | 2 |
| Otsego | 3 | 1 |
| Putnam | 94 | 11 |
| Rensselaer | 32 | 1 |
| Rockland | 1197 | 229 |
| Saratoga | 73 | 9 |
| Schenectady | 62 | 7 |
| Schoharie | 2 | 0 |
| St. Lawrence | 2 | 1 |
| Steuben | 11 | 3 |
| Suffolk | 2735 | 475 |
| Sullivan | 53 | 14 |
| Tioga | 2 | 1 |
| Tompkins | 22 | 6 |
| Ulster | 78 | 13 |
| Warren | 2 | 0 |
| Washington | 4 | 0 |
| Wayne | 8 | 1 |
| Westchester | 5944 | 1253 |
| Wyoming | 7 | 3 |

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)